

Kisa Epatit C ye?

Epatit C se yon viris (yon jèm) ki koze maladi fwa. Yo jwenn viris epatit C a nan san ak nan fwa moun ki fè enfeksyon epatit C.

Kouman epatit C gaye?

Viris lan prensipalman gaye atravè san. Moun ki gen plis risk se moun ki te pran san oswa ki te fè yon transplantasyon ògàn anvan 1992, oswa moun ki itilize oswa ki te itilize zegui ki kontamine avèk san (pa egzanp, enjeksyon dwòg). Depi jiyè 1992, yo tcheke avèk anpil prekosyon rezèv san yo pou viris sa a epi yo konsidere rezèv sa yo san danje.

Viris epatit C a ka gaye nenpòt lè san (oswa likid ki gen san) vin an kontak avèk yon ouvèti sou po a avèk lòt tisi yo. Sa ka rive menm lè ouvèti sa yo pa vizib. Yon moun ka transmèt viris epatit C a nan kontak seksyèl, men sa pa rive fasilman tankou VIH gaye, viris ki koze maladi SIDA a.

Viris epatit C a pa gaye nan kontak okazyonèl tankou akolad, etènnye, touse, oswa pataje manje oswa bwason ak lòt moun. Ou paka atrape epatit C lè w bay san.

Èske epatit C se yon maladi grav?

Enfeksyon epatit C ka grav anpil. Pifò moun ki vin enfekte pral pote viris lan pandan tout rès lavi yo. Kèk nan moun sa yo pral devlope pwoblèm fwa epi yo pral santi yo malad anpil. Lòt moun ka santi yo ansante pandan anpil ane aprè yo fin di yo yo fè enfeksyon epatit C. Evantyèlman viris sa a ka koze siwoz (defayans fwa a) epi/oswa kansè fwa nan kèk moun ki enfekte. Byenke pifò moun yo pa pral devlope defayans fwa oswa kansè avèk epatit C, nou paka di kilès ki pral gen pwoblèm sa yo oswa kilès ki pa pral genyen pwoblèm sa yo.

Kilès ki gen risk pou atrape epatit C?

Moun gen risk pou devlope enfeksyon epatit C si yo:

- + te itilize dwòg ilegal nan lari oswa yo te pataje zegui, menm si se yon sèl fwa;
- + te resevwa yon transfizyon san, pwodui san, oswa yon transplantasyon ògàn anvan jiyè 1992;
- + te genyen anpil patnè seksyèl, espesyalman si yo pat itilize kapòt;
- + bay swen medikal (tankou doktè oswa enfimyè) ki ka ekspoze a san oswa zegui;
- + ti bebe kote manman yo genyen epatit C; oswa
- + te nan dyaliz pou ren.

Èske genyen yon tretman pou epatit C?

Yo ka itilize yon medikaman yo rele Interferon pafwa pou trete enfeksyon epatit C. Nòmalman yo itilize l an konbinezon avèk lòt medikaman, tankou Ribavirin. Moun yo jwenn ki genyen enfeksyon epatit C pa dwe bwè ankenn alkòl oswa pa dwe pran kèk medikaman ki ka koze domaj nan fwa a. Yo rekòmande pou moun ki enfekte avèk epatit C pran vaksen pou epatit A ak epatit B, de lòt viris ki koze domaj nan fwa a si yo gen risk pou atrape enfeksyon sa yo. Antibiyotik (medikaman ki pou konbat yon enfeksyon bakteri) pa konbat viris epatit C a. Mande doktè w enfòmasyon sou chwa tretman ou genyen avèk pa ou ka fè pou pwoteje fwa w.



Kouman w ka prevni epatit C?

Pa genyen vaksen pou epatit C. Meyè fason pou prevni viris epatit C se pou evite tout kontak avèk san. Sa vle di piga pataje zegui, razwa, oswa bwòs dan. Koulye a bank san yo fè tè depistaj pou viris epatit C, kidonk risk pou atrape enfeksyon nan transfizyon san ba anpil. Ou ka atrape epatit C tou nan fè sèks avèk yon patnè enfekte; lè w itilize yon kapòt sa ka redui risk ou genyen pou vin enfekte.

Pou anpeche epatit C gaye:

- ✦ Si w pran dwòg pa enjeksyon, piga janm pataje avèk ankenn moun. Piga pataje kokayin oswa lòt chalimo pou rale dwòg, piske yo ka gen san ladan yo tou. Chèche enfòmasyon sou pwogram tretman ki ka ede w sispann itilize dwòg.
- ✦ Itilize yon kapòt latèks chak fwa w ap fè sèks.
- ✦ Fè tatou oswa pèse kò w sèlman kote yo itilize ekipman esteril.
- ✦ Pwofesyonèl medikal ak moun ki fè netwayaj nan lopital ak kote yo itilize zegui oswa bagay pwenti dwe suiv prekosyon nòmal (inivèsèl) pou tout malad.
- ✦ Si w genyen epatit C, piga pataje razwa oswa bwòs dan.
- ✦ Si w genyen epatit C, piga bay san, espèm oswa dechaj, oswa ògàn.

E lòt kalite epatit yo?

Genyen plizyè diferan kalite viris epatit. Si w te genyen yon kalite epatit, ou ka toujou genyen nenpòt nan lòt yo. Viris epatit A a gaye nan pou pou, nan kontak pwòch ak manje epi dlo ki kontamine. Menm yon ti kras oswa yon kantite pou pou ki pa menm vizib ka pote viris sa a. Genyen yon vaksen pou prevni enfeksyon epatit A. Viris epatit B a gaye atravè san epi likid kò, tankou espèm oswa dechaj. Genyen tou yon vaksen pou pwoteje w kont enfeksyon epatit B. Si w genyen epatit C, mande doktè w pou pran vaksen kont epatit A ak B. Yo ka fè tè san pou wè si w te ekspoze a diferan kalite viris epatit yo.

Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon?

- ✦ Nan men doktè w, enfimiyè oswa klinik ou
- ✦ Biwo lasante lokal ou an (w ap jwenn li nan lis telefòn lan sou ribrik gouvènman lokal)
- ✦ Kontakte:
 - Depatman Lasante Piblik Massachusetts (The Massachusetts Department of Public Health, MDPH) liy asistans gratis nan 1-888-443-HepC (4372) oswa vizite sit entènèt epatit C MDPH nan <http://www.masshepc.org>
 - Liy asistans Epatit, nan Sant Pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), nan 1-888-4HEPCDC (1-888-443-7232) oswa sit entènèt CDC a nan <http://www.cdc.gov/ncidod/diseases/hepatitis/index.htm>